

## **Memwa lisans ki fèt nan lang kreyòl ayisyen (1998-2023)**

Nan ane 1998, etidyan Edline Lorenceau, soutni premye memwa lisans ki fèt nan lang kreyòl ayisyen an ak akonpayman Pwofesè Ary Régis.

Soti 1998 sa a pou rive 2023, Akademi Kreyòl Ayisyen anrejistre 17 memwa an kreyòl, ki se zèw 18 etidyan. Pifò memwa sa yo fèt nan *Université d'Etat d'Haïti (UEH)*. Enstitisyon ki plis reprezante se *Faculté de Linguistique Appliquée* (8 memwa), *Faculté des Sciences Humaines* (3 memwa), *Faculté d'Ethnologie* (2 memwa), *Ecole de Droit et des Sciences Economiques des Cayes* (1 memwa), *Duke University, USA*, (1 memwa), *Cornestone Christian University, USA* (1 memwa) ak *Université Publique du Sud aux Cayes* (1 memwa).

Akademi Kreyòl Ayisyen gen konsyans chemen an long toujou, men nan menm tan an, gen anpil espwa. Soti 1998 rive 2023, sa fè sèlman 25 lane depi gwo konbit sa a te kòmanse ak etidyan Edline Lorenceau, men lis la kapab plis pase 17 memwa, nonsèlman kapab gen lòt memwa AKA pa mete nan lis la, paske li pa konnen ekzistans yo, men tou si li ajoute memwa ki fèt an fransè ak nan lòt lang sou kreyòl, lis la t ap depase 17 memwa.

Akademi Akademi Kreyòl Ayisyen bat yon gwo bravo pou 18 etidyan sa yo, ki te fè chwa reyalize memwa yo nan lang kreyòl ayisyen, avèk yon mansyon espesyal pou etidyan ameriken Lydia Bradford (Duke University, USA) ki chwazi ekri memwa li an kreyòl ayisyen ak akonpayman Pwofesè Jacques Pierre.

Akademi Kreyòl Ayisyen voye gwo bravo pou tout pwofesè ki te asepte akonpaye etidyan yo nan reyalizasyon memwa yo nan lang kreyòl la.

Bravo espesyal pou Pwofesè Ary Régis ki te inisye mouvman sa a nan UEH kote li te ankadre 2 etidyan: Edline Lorenceau ak Beaudelaine Pierre (ki prezante yonn nan memwa ki fè plis nòt nan FASCH). Bravo espesyal pou Pwofesè Jacques Pierre, Duke University, USA, ki te ankadre Lydia Bradford.

Akademi Kreyòl Ayisyen note Ane 2015, se ane etidyan yo soutni plis memwa an kreyòl : Kat (4) memwa an tou pou ane a.

#	Non ak Siyati	Tit / Sijè	Fakilte / Inivèsite	Ane
1.	Edline <b>LORENCEAU</b>	Lang kreyòl ak mòd kominikasyon nan radyo Pòtoprens yo : Ka emisyon nouvèl moun <i>Ti chérie koute</i> .	Faculté des Sciences Humaines, UEH	1998
2.	Beudelaine <b>PIERRE</b>	Kominikasyon ak idantite : Etid sou rapò kreyòl ak franse nan repwodiksyon sosyal ki fèt lekòl an Ayiti.	Faculté des Sciences Humaines	2002
3.	Lemète <b>ZÉPHYR</b>	Pwoblèm mo ak pawòl ayisyen ki fè gwo klas chwazi lè yo sèvi ak kreyòl nan estil fòmèl.	Faculté de Linguistique Appliquée	2004
4.	Wesner <b>MÉRANT</b>	Rapò franse ak kreyòl nan estrateji diskou ayisyen (Analiz semyotik ak sosyolengwistik kat (4) tèks maurice Alfredo Sixto.	Faculté de Linguistique Appliquée	2005
5.	Enold <b>MICHEL</b>	Kreyolizasyon tèm ak konsèp ki itilize nan domèn telefòn mobil an Ayiti.	Faculté de Linguistique Appliquée	2014
6.	Verly <b>SYLVESTRE</b>	Apwòch pragmatik nan tradiksyon enonse metaforik franse / kreyòl : revizyon konstitisyon ayisyen 1987.	Faculté de Linguistique Appliquée	2015
7.	Djarphline <b>SAINTINÉ</b>	Wòl sentaksik ak enplikasyon enonsyatif « ak » avèk « epi ».	Faculté de Linguistique Appliquée	2015
8.	Josué Jean <b>JULIEN</b>	Ansèyman Kreyòl nan twazyèm sik fondamantal soti nan lane 2005 rive nan lane 2010. Ka Leyogàn.	Faculté de Linguistique Appliquée	2015
9.	Daniel <b>SINÉUS</b>	Analiz leksiko semantik ak sosyolengwistik ago kreyòl.	Faculté de Linguistique Appliquée	2015
10.	Wisner <b>BAGUIDY</b>	Ekonomi agrè ak devlopman rapò pwodiksyon nan milye riral nan kontèks sou devlopman ann Ayiti.	Faculté d'Ethnologie	2016
11.	Lydia <b>BRADFORD</b>	Lavi pwezi kreyòl ayisyen soti nan lane 1975 rive 2000 : yon vitrin idantite ak rezistans lengwistik.	Duke University (USA)	2017
12.	Guerry <b>DUVERSAINT</b>	Konsiderasyon sosyal ak jiridik sou sitiyasyon fanm ki ap fè pwostitisyon : Ka bouzen fanm sou channmas.	Ecole de Droit et des Sciences Economiques des Cayes	2017
13.	Moles <b>PAUL</b>	Altènans kodik nan diskou laprès pale an kreyòl ayisyen	Faculté des Sciences Humaines	2017
14.	Nardine <b>DÉSULMA</b>	Etid sou respè dwa lengwistik nan ansèyman fondamantal ann Ayiti : egzanp twa lekòl nan zòn metwopolitèn Pòtoprens.	Faculté de Linguistique Appliquée	2021
15.	Job <b>SILVERT</b>	Konpetans elèv lekòl nan òtograf kreyòl ayisyen an : egzanp elèv sizyèm ane fondamantal nan Pòtoprens, 2018-2019	Cornestone Christian University (USA)	2021
16.	Malachy <b>BASTIEN</b>	Etid Sosyolojik sou estrateji devlopman lokal nan mouvman peyizan Papay	Faculté d'Ethnologie	2022
17.	Angeline <b>VEILLARD</b> ak Diachoix <b>BELFOND</b> (2)	Trètman lang kreyòl la andedan lekòl yo nan Depatman Sid. Ka : 6 lekòl (2020-2022)	Université Publique du Sud aux Cayes (UPSAC) / 2 etidyan	2023